# АТАЖАН ХАЛМУРАТОВ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ФОЛЬКЛОРИЗМ

**Палуанов Бахытбай Нурлыбаевич**
**Зарымбетова Жулдыз Есбергеновна**
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети, Нөкис*

***Аннотация***. Мақолада журналист Атажан Халмуратовнинг ижоди бадиий публицистика нуқтаи назаридан ўрганилган. Шу асосда унинг бадиий публицистик ижодидаги фольклор намуналари ёритилган, муаллифнинг публицистик асарлари орасидаги муштараклик ва тафовутлар кўрсатилган.

***Калит сўзлар***: фольклор, публицистика, адабиёт, журналистика, образ, жанр.

***Аннотация.***В статье рассматривается творчество журналиста Атажана Халмуратова с точки зрения художественной публицистики. На этой основе выделены фольклорные элементы в его творчестве, показаны общие черты и различия между их произведениями.

***Ключевые слова***: *фольклор,* публицистика, литература, журналистика, образ, жанр.

**Abstract.** The article examines the creative works of Atajan Xalmuratov, journalist, from the point of view of the artistic journalism. On this basis, the folklore`s elements in his artistic work are identified and the common features and differences between his creative works are shown.

***Key words****: folklore,* publicism, literature, journalism, image, genre.

Дөретиўшиликте аңызлардың қолланыўы ҳәм оның турмыс шынлығына жақынлығы әдебияттаныўда ерте тән алынған. Әсиресе, көркем әдебиятта аңыз –әпсаналардың туўылыўы ҳәм бизиң заманымызға хызмет етиўи Е.И.Мелетинский мийнетинде [Мелетинский Е.И. – 1976] теориялық тәрептен дәлилленген. Ол ҳәзирги заман әдебиятында аңыз ҳәм әпсаналардан пайдаланыў սананың кризиске ушыраўы, әдебияттың изге қайтыўы, заманагөй тема таба алмаўшылық деген пикирди әдебияттаныўшыларға қарсы турады. Өзбек алымы Ш.Ишниёзова шығарма сюжетинда халық аўыз еки дөретиўшилиги үлгилеринен пайдаланыўдың бир неше әмелий әҳмийети барын айтып, оларды классификациялайды:

«1) халықтың жасаў жағдайы, үрп-әдети, сана дәрежесин жақсырақ сәўлелендириў мүмкиншилигин береди:

2) халық аўыз еки дөретиўшилигиндеги баянлаў-сүўретлеў қураллары реалистлик әдебияттағы образлардың баҳадырлығы, сыртқы көриниси, ишки дүньясын бөрттирип көрсетиўге хызмет етеди:

3) ең басылысы, халық ауыз еки дөретиўшилигинен пайдаланыў шығарманың халықшыллығын жетилистирилетуғын қураллардың бири» [Ишниезова Ш., 1996. – 9-10.]

Публицист А.Халмуратовтың «Жер! Мен сениң бир перзентиңмен» [Халмуратов А., 1993. – 3-4] атлы публицистикалық топламы очерклерден ибарат. Очерк А.Халмуратов дөретиўшилигинде баслы орынды ийелейди. Ол усы жанрдың шебери сыпатында танылған. Не ушын А.Халмуратов усы жанрға қызыққан? Бул жанрдың әҳмийетлиги неде? Себеби, очерктиң тәрбиялық әҳмийети де зор. Өмиримиздиң ҳәр жақлары туўралы қызықлы қубылыслар менен ўақыяларды орнында әңгиме ете отырып, очеркист бизиң адамларымыздың жоқары мораллық сапасын: олардың патриотлығын, мийнет қаҳарманлығын, иске творчество менен қарап сүўретлейди. Сөйтип, ол жаңа адамның сыпатын, оның мораллық тәрепин қәлиплестириўге көмеклеседи.

Публицистикалық топламның «Алғы сөз орнына. Соңғы сөз» деген бөлимде автор не ушын усы топламды шығарғанын жазады: «Алды 16-7 жыл, кейни 3-4 жыл илгери жазылған бул очерклерди кишкене китапша етип бастырып шығарыў нийети менде бурынырақта пайда болған еди. Себеби… Себебин яқшы, кейинирек айтаман, алды менен оқыўшының нәзерин мына нәрселерге аўдарғаным мақулырақ болады. Дурыс, дәўир дегершиги оңына айланып, буйыққан кеўиллеримизге қозғаў салмақта: ақты ақ деп, қараны қара деп қорықпай айта алатуғын дәрежеге жеттик; ҳақыйқатлық шәмшийри жаманат пенен әдалаттың парқын кескин айырып берип атыр. Сонлықтан гейпара адамлар: «Брежневтиң «жайма-шуўақ», Андроповтың темир тәртип, Горбачевтың қайта қурыў заманында жазылған очерклерди китапша етип шығарыўдың зәрүрлиги бар ма екен, деген сораў бериўи де тәбийий нәрсе»

Мойынлайым керек, китапшаны таярлап отырып, өзиме усындай сораўларды қайта-қайта бергенмен.

Мине усы кишигирим китапшаны шығарыўдағы тийкарғы мәқсетимди енди түсинген боларсыз, әдиўли оқыўшы! Егер түсиниссек, мен де шексиз бахытлыман. Сизлерге ҳүрмет пенен:»

Буннан кейин автор «Мүмкиншилик шегерасы», «Молшылықтың тийимли тетиги», «атым ағаның миллионлары», «Қыз кеўли кеңликти сүйеди», «Жылдың төрт мәўсими», «Екинши тәўекел», «Жылқыман», «Дәстан усылай басланады», «Тәғдир сынағы», «Исенимли қәдем», «Ўақыттан озғанлар» деген атамадағы очерклерин келтиреди. Енди А.Халмуратов дөретиўшилигиндеги фольклордан пайдаланыў усылларына тоқталамыз.

А.Халмуратовтың «Календарьдың соңғы бети салған ойлар» [«Еркин Қарақалпақстан», 1997] деген публицистикалық мақаласында фольклордан пайдаланады. «Мақалаға мына бир рәўият пенен бәнт баспақшыман: қүдирети

әлемди титиреткен бир патша шикәрға баратырып, жүдә шөллеп бир ғарры бағманның басына ат басын бурыпты. Бағман мийманына бағдан бир үлкен бир дана үзип, сығып бир кесеге шамалас суўын иштирген Шөли қанған патша кетип баратырып ойлапты: құдиретим күшли, усы бағты неге патшалыққа алмайман?! Қайтарсын тағы бағманға қайырылып, бир анар алдырып суўын ишпекши болғанда бағана бир кесеге шамалас шербет шыққан анардан еки тамшы ғана тамыпты. Патша ҳайран болып, бунынң мәнисин сорапты. Сонда бағман:

-Әй, патшайым! Бағана сиз шөллеген, нийети ҳақ мөмин жолаўшы болып келип едиңиз. Ҳәзир болса, үстем патша, пикири бузылған ҳүкимдар болып келип отырсыз. Соның ушын да сыққанда суў шықпады, - депти. Патша бағты тартып алыў ырайынан табанда қайтыпты.»

Изертлеўши У.Норматовтың пикиринше, «Шығарма авторлары әпсаналарға тәжирийбе ушын яки гөззал форма дөретиў ушын қатнас жасамайды, ал терең идеялық мәқсетти ашыў ушын қатнас жасайды» [Норматов У.1989. – 112].

Публицисттиң мақалаларына тема қоярдағы шеберлигине мысал етип, фольклордағы ертеклер қаҳарманы сыяқлы сөйлеўин көрсетиў мүмкин болады. «Әси кетсек әпиў ет, Ана тәбият!» [«Совет Қарақалпақстаны», 1991.]

«Ана тәбият! Әси кетсек, кешир бизди! Сениң сақыйлығында шек жоқ! «Қой жылы-той жылы болар», деген үмитимиз еле де күшли!» -деп жазады автор.

«Мыңлаған жыллар арыда саўлат төгип турған гөззал қаланың журнағы – сынық гербишлер үстине шөгип шийрин қыялларға тала басладым. Қулағыма Ибрайым ағаның ертеде жазылған «Оссурийлер» қосығы жаңғырып еситилгендей болды ҳәм көз алдымда бир ярым мың жыл арыдағы тиришилик бирден жаңланып кетти…

Шәҳәрдиң Шығыс Сарай бетки гүңгиралы дәрўазасы ашылып айбалта көтерген төрт нәўкер босағаға келип турған он түйеден ибарат кәрўанды иркти. Көш баслаўшы қос өркешли қызыл нарға тағылған жез қоңыраў алыс-алыслардан талып еситилип, түн ярымынан берли булардың тынышын алған еди. «Дос па, жаў ма?» Женшен елинен шыққан, узақ мәнзилди басып, ҳарыған саўда кәрўаны Дарсанда үш күн дем алып, Вардарагты, Кердерди барып көрди ҳәм бул гөззал, бай қалаларға қайыл қалды. Жолын даўам етип баратырып кәрўандағы дәрўиш алым өзиниң кийиз китабына былай жазды:

- «Кердер» - халқы тығыз жайласқан, егинли, бағ-бақшалы қала. Бул жерден баҳалы елтири терилерин сырттан келген кәрўанлар сатып кетеди. Хорезм ели менен сыбайлас болғаны менен оның халқының тили хорезмшеге де, түркшеге де усамайды. Булдәрья саласында көплеген елатлар жайласқан,

тоғайларында түрли ҳайўанлар бар, бирақ, адамлары дәўжүрек. Арна (сала) дәрьядан Гаўҳарай арнасынан төменлеўден саға алады ҳәм тап Кердер қаласына шекем барып жетеди. Дарсан шәҳәри менен Кердердиң арасы болса, шама менен 6-7 фарсахтай келеди.»

Шийрин қыялларымды қулағымның түбинен шыққан даўыс бөлип жиберди» [Халмуратов А. 1997. – 6], -деп автор қыял етиў мотиви арқалы фольклорға мүрәжәәт етеди. Бунда автор таза ҳалындағы аңыз-әпсананы емес, ал бар әпсана тийкарында қайта ислеп, заманагөйлестирип фольклордан пайдаланған. Көрнекли қарақалпақ әдебияттаныўшысы, академик М.Нурмухамедов пикир билдиреди: «Айырым әдебиятшылар ҳәм изертлеўшилер заманагөй жазыўшыларда ушырасатуғын базы бир кемшиликлерди фольклор дәстүрлери, фольклор дәстүри реалистлик искусствоға тап кесент беретуғындай, тек фольклордан излейди. Тийкарын алғанда болса бунда айыплы фольклор емес, бәлким жазыўшының өзи. Ақыры, жазыўшы фольклордан өз орнында пайдалана алмаса, оны механик тәризде дөретсе, оған тек қайталаўшылық көз-қарасынан қатнас жасаса, буған фольклор айыплы емес-ғой...» [Нурмухамедов М., 1982. – 74.]

Автор очерклеринде, публицистикалық мақалаларында фольклор элементлеринен толық пайдаланғанда оларды өзиниң позициясына ийкемлестирген. Сонлықтан биз оларды фольклор емес, ал публицист жазыўшы дөретиўшилигиндеги фольклорзм деп атадық. Себеби, автор әпсаналарды, аңызларды қайта ислейди ҳәм нақыл-мақаллардан пайдаланғанда олар да бираз өзгерислерге ушырайды.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Халмуратов А. Календарьдың соңғы бети салған ойлар // «Еркин Қарақалпақстан», газетасы, 1997. 9-январь.

2. Ишниезова Ш. Ҳозирги замон ўзбек ва қирғиз насрида афсона ва ривоятларнинг қиесий-ипологик таҳлили // АКД. – Самарқанд, 1996. 9-10 бб.

3. Мелетинский Е.И. Поэтика мифа. (3-часть). Мифология в литературе. XX века. – Москва: Наука, 1976.

4. Норматов У. «Звезда Востока»// 1989, № 12, 112 bet

5. Нурмухамедов М. «Ёшлик» // 1982, №12, 74-bet.

6. «Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 1991-жыл 25 –май.

7. Халмуратов А. Дарсанның шуғлалы таңлары. Нөкис, 1997. 6-бет.

8. Халмуратов А. Жер! Мен – сениң бир перзентиңмен. Нөкис, Қарақалпақстан, 1993. 3-4 бетлер.